Муниципальное бюджетное общеобразовательное учреждение
Средняя общеобразовательная школа №22 г. Владикавказ
имени полного кавалера ордена Славы Коняева В.М.

УТВЕРЖДЕНА
приказом МБОУ СОШ № 22
от «31» августа 2022 года №50

# РАБОЧАЯ ПРОГРАММА

________родная литература__

предмет

________11 класс___________

классы

_____________базовый_____________

(базовый/углубленный)

уровень

Составитель: Козаева А.Б.

учитель родного языка и литературы.

г. Владикавказ – 2022

**Æмбарынгœнœн фыстæг ирон литературœйы программœмæ 11 къласœн.**

Адœмы монон царды кœддœриддœр стыр ахадындзинад уыдис фольклор œмœ аив литературœйœн. Уыдоны нывфтыд œрцыд сœ цард, сœ историйы ахсджиагдœр цаутœ, сœ зонадон фœлтœрддзинад. Уыдоны ис зонды суадон, ныхасы фидауц œмœ бœрзонд идейœтœ. Дзырдаивадœн йœ нысаниуœг фœуœлдœр ис нœ рœстœджы. Уый рœзгœ фœлтœры хъомыл кœны гуманизм œмœ граждайнаг идеалтыл, фидар кœны адœмы удварн, уымœй рœзынц монон œмœ культурон традицитœ. Уымœ гœсгœ, скъолайы куысты ахъаззагдœр у литературœ ахуыр кœнын.Сусæггаг нæу, абоны ахуырдзаутæ арæх нал кæсынц литературон уацмыстæ, зынтæй æмбарынц тексты анализ, сæ логикон хъуыдыкæнынад фæлæмæгъдæр, удварны хъомыладмæ нал ис фаг цæстæнгас.

Стыр нысаниуæг ис аивадон литературæйы фæрцы удварны хъомылады фарстатыл кусынæн, абоны рæстæгæн аргъ кæнын зонынæн; æгъдау, кад, намыс, патриотизм æмæ граждайнаг хæстæ цы сты, уый зонынæн; гуманон дунембарынад æмæ национ химбарынадæй хайджын кæнынæн; литературон уацмысы эстетикон æнкъарæнтæ æмбарынæн; ирон адæмы национ культурæйы сæйраг миниуджытæ литературон тексты агурынæн; ирон литературæйы нысаниуæг æмбарынæн, йæ бастдзинад æндæр адæмты литературæтимæ, культурæтимæ иртасынæн.

Мадæлон литературæ нымад у федералон, æнæмæнгхъæугæ предметыл, ног ахуырадон стандартты йын ис сæрмагонд бынат.

Предметæй хæрзхъæд ахуыр райсыны мидис, принциптæ, бацæуæнтæм алывæрсыгæй каст цæуы æмæ программæ арæзт у ахæм **нормативон документты**:

- Уæрæсейы Федерацийы закъон «Ахуырады тыххæй»-йы;
- Ног ахуырадон стандартты;
- Цæгат Ирыстон-Аланийы модернизацийы комплексон проекты;
- Ирон национ ахуырады концепцийы ;
- Приоритетон национ проект «Нæ ног скъола»-йы;
- Республикон программæ «Ирон æвзаджы æмæ литературрæйы программæ 1- 11 кълæстæн»; **Программœйы автортœ:** Джыккайты Щамиль, Хъантемыраты Римœ, Мамиаты Изетœ, Гуœздœрты Азœ. Дзæуджыхъæу, 2005аз. Программœ сфидар кодта Республикœ Цœгат Ирыстоны – Аланийы Иумœйаг œмœ профессионалон ахуырады министрад.
-Ирон литературæ. Хрестоматии. 10 кълас. Габысаты Азæ. Дзæуджыхъæу, 2012

*Афœдзмœ – 68 сахаты. Къуыри – 2 сахаты.*

**Ирон литературæ ахуыр кæныны нысантæ:**

-литературæйы фæрцы скъоладзауты иумæйаг культурæ рæзын кæнын;
- литературæйы æмбарынад бацамонын;
- литературон уацмысыл æнцой кæнгæйæ, цардæн аргъ кæнын, цард æнкъарын;
-ахуырдзаутæм рæзын кæнын чиныгкæсæджы культурæ;
-ныхасы арæхстдзинæдтæ райрæзын кæнын æмæ а.д.

Стандартты домæнтæм гæсгæ арæзт программæтæ æмæ ахуыртæ «филологи»-йæ хъуамæ арæзт уой ахæм уагыл.

Мадæлон литературæ:

1) чингуытæ кæсын æмæ литературæ ахуыр кæныны ахадындзинад адæймаджы миддунейы рæзтæн цы пайда сты, уый бамбарын; чингуытæ кæсыныл фæцалх кæнын,

2) литературæ адæмы национ-культурон хæзна кæй у, адæмы цард хуыздæр бамбарыны фæрæз кæй у, уый æнкъарын;

3) мадæлон æвзагыл фыст хуыздæр уацмыстæ ахуыр кæныны фæрцы банкъарын кæнын мадæлон æвзаджы коммуникативон-эстетикон гæнæнтæ, мадæлон æвзаг адæмæн сæ химбарынады фæрæз кæй у, уый;

4) хъомыл кæнын:

а) хорз эстетикон æнкъарæнтæ кæмæ ис,

æ) фысгæ æмæ дзургæ ныхасы алыхуызон жанртæй пайда кæнгæйæ, хи хъуыдытæ раст æргом кæнынмæ чи арæхсы,

б) бакаст уацмыс равзарынмæ, уый фæдыл хи хъуыдытæ раргом кæнын чи зоны;

в) уæгъд рæстæг чингуытæ кæсынмæ чи тырны, ахæм чиныгкæсæджы;

5) алыхуызон этнокультурон традицитæ цы аивадон уацмысы æвдыст цæуынц, уый раст æмбарыныл фæцалх кæнын;

6) амонын аивадон уацмысы структурон æмæ эстетикон æвзæрст.

**Стандарттæм гæсгæ скъоладзаутæ литературæйæ райсдзысты ахæм зонындзинæдтæ æмæ арæхстдзинæдтæ:**

-иумæйаг культурон-литературон арæхстдзинæдтæ: литературон уацмыс арф æнкъарын; ирон литературæйы бастдзинад æппæтдунеон литературæтимæ æмбарын; кæсыны культурæ бæрзонд кæнын; библиотекæйы, интернеты иформаци агурын зонын;

-царды зынаргъдæр цы хæзнатæ сты, уыдон иртасынмæ арæхсын: алыварсы дунемæ уарзон цæстæй кæсын; царды алы фæзындмæ хи цæстæнгас дарын; æмбарын литературæйы нысаниуæг адæймаджы удварны хъомылады; адæймаджы фауинаг миниуджытæм критикон цæстæнгасæй кæсын; литературон уацмысы агурын дзуæппытæ зæрдæагайæг фæрстытæн;

-кæсыны культурæ бæрзонддæр кæнынмæ арæхстдзинад: литературон уацмысмæ сфæлдыстадон цæстæнгасæй кæсын; зæрдæмæ хæстæг темæтыл уацмыстæ æвзарын æмæ сæ кæсын; литературон уацмысы цы дуг æмæ культурæйы кой цæуы, уыдоны æдыл арæзт диалогон ныхасы архайын; уацмысы сæйраг персонажты миддунейæн æмæ архæйдтытæн аргъ кæнын зонын;

-ныхас кæнын; ныхасы стильтæй раст пайда кæнын зонын.

**11 кълæсы** литературæ лæвæрд цæуы историон принциптæм гæсгæ. Ам æрмæг лæвæрд цæуы хронологион уагыл. Программæмæ хаст æрцыдысты ирон литературæйы ахъаззагдæр фæзындтæ æмæ зынгæ фысджыты уацмыстæ. Æвзæрст цæуынц, зонынадæн, идейон æмæ эстетикон хъомыладон цас ахъаз сты, уыцы принципмæ гæсгæ.Уым зыны литературон процесс, йæ рæзты историон, æхсæнадон æмæ культурон уавæртæ. Прораммæйы лæвæрд цæуы литературон рæзты периоды иумæйаг характеристикæ, стæй, уыцы периоды зынгæдæр цы фысджытæ уыд, уыдоны сфæлдыстадæй сæйрагдæр уацмыстæ. Классиктæй уæлдай программæйы цы фысджытæ ис, уыдоны сфæлдыстад бæлвырдæй æндæфта литературон рæзтыл æмæ йын ис историон – культурон ахадындзинад. Уыимæ хыгъд цæуынц литературон здæхтыты хуызтæ ( романтизм, символизм, реализм) æмæ сæ зынгæдæр минæвæртты аивадон æнтыстытæ.

## *Ахуырадон 11 кълaсы курсы мидис.*

**Разныхас .(1 сах.)**Ирон литература 50-æм азты кæрон – 60-æм азты. Ирон культурæ æмæ литературæйы рæзт ног æхсæнадон уавæрты.Поэзийы рæзт 60-æм азты.Æрыгон фысджыты æрбацыд литературæмæ. Сæ фыццаг поэтикон æмбырдгæндтæ. Ирон романы рæзт, нырыккон темæтæм æргомздæхт. Драмон жанрты фæстæзад бынат. Комедийы рæзты фæндæгтæ, йæ æнтыстытæ æмæ аиппытæ.

**Гафез (Гаглойты Федыр). Роман « Уæ бонтæ хорз, адæм!» (3 сах)** Гафезы цард æмæ сфæлдыстадыл цыбыр афæлгæст. Романы мидис æмæ проблемæтæ. Æрыгон адæймаджы фæлгонц, йæ хъуыдытæ æмæ тырнæнтæ. Романы æвзаг æмæ сюжетон композицион арæзт. ***Л и т е р а т у р æ й ы т е о р и и.*** *Эпикон – таурæгъон литерæтурæйы хуызтæ. Хъайтар – дзырднывæндæг.*

**Дзугаты Георги. Поэмæ «Бындзыг». (2 сах.)**Дзугаты Георгийы цард æмæ сфæлдыстадыл цыбыр афæлгæст. «Бындзыг». Сабырдзинады сæрыл дунеон тохы идейæтæ уацмысы. Хæсты трагеди. Поэмæйы лирикон ахаст. Лирикон монолог – йæ композицион нывæсты бындур. ***Л и т е р а т у р æ й ы т е о р и и Лиро –эпикон поэмæ.***

**Цæгæраты Максим. «Мады зарæг». (2 сах.)**Радзырды сюжет æмæ композиции. Аивады хъомыс, музыкæйæ райгуыргæ ассоциативон дуне, хъайтары зæрдæйы тæлмæнтæ.

**Цъæрукъаты Алыксандр.( 4 сах.)** Цъæрукъаты Алыксандры цардвæндаг. **«Ныхас авдæны сывæллонимæ» (скъуыддзаг). (1-4, 8, 14, 17, 20, 24, 26, 31, 33)** Фæлтæрты бастдзинады темæ. Поэты сагъæстæ адæймаджы царды нысан æмæ фидæныл. Саби æмæ æрдзы 'хсæн гармонион иудзинад. Фыды фæдзæхстытæ фыртæн.**«Шекпирæн» (скъуыддзаг). (1, 2, 4, 6, 7, 8)** Аивады темæ поэты сфæлдыстады. Сонеттты сæйраг хъуыды – гуманизм, генион æрмдзæфы æнусон ахадындзинад. Уацмысы аивадон фæрæзтæ. **«Мæ кувæндоны къæсæрыл»** Поэты арф æмæ вазыгджын удысконды, йæ этикон идеалтæ. **«Рох симфрони»** Уарзты тых – сфæлдыстадон уалмонцы гуырæн. Лирикон хъайтары уæздан æмæ арф æнкъарæнтæ, хъæздыг поэтикон уырнынад. **«Гимн хъилхъæдурæн»** Æрдзы удæгас ныв - фæлгонц, зын рæстæджы адæймагыл йæ хæрзаудæн. Æмдзæвгæйы рифмæ æмæ ритм, поэтикон мадзæлттæ (сидæнтæ, ассонанс æмæ æнд.)

**Джусойты Нафи. Роман «Фыдæлты туг». (4 сах.)** Нафийы литературон æмæ зонадон куыст. Национ колорит ирон поэзийы. Историон темæ Нафийы сфæлдыстады. Романы мидис æмæ проблематикæ, йæ историон бындур. Национ иудзинады темæ. Адæм – романы сæйраг хъайтар. Ака æмæ Бегайы фæлгонцтæ. Уарзт æмæ хæст: лирикон æмæ эпикон райдайæнты æмиудзинад. Романы композицион нывæст. ***Л и т е р а т у р æ й ы т е о р . Историон роман.***

**Дзаболаты Хазби. (2 сах)** Поэты æгъуыстаг хъысмæт. Йæ лирикæйы сæйраг мотивтæ.Адæймаг æмæ æрдзы мидбастдзинад æмдзæвгæ **«Æз хæхты райгуырдтæн»**-ы.хуымæтæг куысты бæрзонд поэзи æмдзæвгæ **«Амонд», «Цыхтахсæг»-ы**. патриотизм æмæ кады мæлæты темæ **«Куы хæссай зæрдæйы æмбуар..»** Сæрибар цард æмæ намысы сыгъдæгдзинады идейæтæ **«Хæххон кæсаг»**-джы. ***Л и т е р а т у р æ й ы т е о р и Риторикон период.***

**Гаглойты Владимир. «Ныййарæджы кадæг». (4 сах.)** Гаглойты Владимиры сфæлдыстадыл цыбыр афæлгæст. Мады монументалон фæлгонц драмæйы. Фыртты фæлгонцтæ. Уацмысы копозици, йæ аивадон æууæлтæ. ***Л и т е р а т у р æ й ы т е о р и. Драмæйы хуызтæ.***

**Разныхас.Ирон литературæ 70-80 -æм азты. (1 сах.)**Литературæйы сæрмагонд нысаниуæг социалон – политикон «мидцоппайы» заман. Историон прозæйы рæзт 60-80 азты. Ирон поэзи 70-80 азты райдайæны. Ирон драмæйы разт 70-80 –æм азты.

**Дзесты Куыдзæг. «Фæндагсар Уастырджи» ( 3 сах.)** Фыссæджы курдиаты сæрмагонд æууæлтæ. Уацауы сюжет æмæ композици. Йæ сæйраг фæлгонцтæ. Адæймаджы уæвынады æнусон фарстатæ. *«Фæндаджы»* темæ уацауы.

**Бестауты Гиуæрги. (1 сах.)** Гиуæргийы поэзийы сœйраг мотивтœ. Райгуырœн бœстœйы темœ. Фœсивœдœн нœртон фœдзœхстытœ « **Ныстуан мœ фœдонмœтимœ».** Поэты œнœнцой зœрдœ « **Фœндœгтœ» -йы.** Æрдзы рœсугъддзинад – сфœлдыстадон уœлтœмœнады œмœ цины суадон **«Изœр Дзаугомы» - йы.** Уарзон адœймаджы зœдœнгас рухс сурœт **«Æз дыуув цœсты зонын зœххыл..»-ы.**

**Æгъуызарты Æхсарбег. «Куырды фырт» (4 сах)** Фыссœджы сфœлдыстадыл цыбыр афœлгœст. Роман – дилогийы актуалондзинад. Дуджы œуувœлтœ адœмы царды уаг œмœ œгъдœутты: œхсœнады уавœр хœсты рœстœджы, хœсты агъоммœ œмœ йœ фœстœ азты. Амонды проблемœ. Фœллойгœнœг адœм – цард œмœ рœстœджы фарн хœссœг. Фœлтœрты бастдзинады темœ. Ныхмœвœрд фœлгонцтœ ( Бексолтан – Мурат) . ***Л и т е р а т у р œ й ы т е о р и. Романы тыххœй œмбарынад фœарфдœр кœнын***

**Хостыхъоты Зинœ. (1 сах).** Хостыхъоты Зинœйы сфœлдыстадыл афœлгœст. Поэты тох рœстдзинад œмœ намысыл, йœ гуманизм « **Мœ зœрдœ»** -йы. Хъœууон царды нывтœ **«Мœ мысинаг»** - джы. Райгуырœн къуым – дзœнœтон хœзнатœй зынаргъдœр « **Мœ кœстœрмœ»**-йы. Æрдзон бынысœфтœй адœмы фœдзœхсын, хœлардзинадмœ сидт **«Зœххы катай»** -йы.

***Л и т е р а т у р œ й ы т е о р и. поэтикон ныхасы фœрœзтœ :сидœн, литературон реминисценци.***

**Булкъаты Михал. «Теркœ Туркмœ» (4 сах)** Булкъаты Михалы сфœлдыстадыл афœлгœст. Романы конфликт œмœ ныхмœвœрд фœлгонцтœ (Куындыхаты Муссœ – Мамсыраты Темырболат) Кард œмœ фœндыры традицион темœ œмœ йœ ног нысаниуœг. ***Л и т е р а т у р œ й ы т е о р и. Аивадон œрхъуыды œмœ историон œцœгдзинад.***

**Малиты Васо. (1 сах.)** Малиты Васойы сфœлдыстадон фœндаг. Поэзийы «хуымгœнд» - фœллойгœнœг адœмы цард œмœ тырнœнтœ **«Сахуыр мœ кœн, о хуымгœнœг...»- джы**. Адœймаг œмœ Райгуырœн бœстœйы иудзинад **«Мœ Ирыстоны!» -ы.** Ирыстоны историон хъысмœт, адœмы тох сœрибар œмœ Фыдызœххы сœраппонд **«Нœ фыдœлты кадœг»-джы** Æрдзон курдиаты бœрзонд нысан œмœ бœрн «Фœстаг œмдзœвгœйы»

**Бицъоты Грис. Роман «Арвы айдœн». (3 сах.)** Хœст œмœ бœрндзинады œуувœнк œмœ гадзрахаты темœ романы. Хицœн адœймœгты хъысмœттœ. Фœлгонцты психологизм, сœ ныхмœлœуд ахаст: хœлар зœрдœйы хорзœх. ***Л и т е р а т у р œ й ы т е о р и. Романы хуызтœ.***

**Дзасохты Музафе. «Урс доны былыл Бœрœгъуын...» (2 сах)** Уацауы темœ œмœ проблематикœ. Ирон œгъдау œмœ фœтк – œрыгон хъайтарты «хъомылгœнджытœ» Хъœубœсты фарн. Мады фœлгонц.

**Ирон литературœ фœстаг азты. (1 сах.)** «Рацарœзты» дуг œмœ œхсœнвадон – политикон ситуации. Национ фарстайы фыдуавœр. Национ уидœгтœм œмœ культурœйы гуырœнтœм бœстрон хъусдард. Фыдœлты фарн œмœ œгъдœу бахъахъхъœныны, дуне сœфты фœндагœй раздахыны мотивтœ. Ирон адœмы историон хъысмœтыл сагъœс.

**Дзуццаты Хадзы – Мурат. (1 сах.)** Мадœлон œвзаг œмœ йœ ахадындзинад, йœ историон хъысмœт « **Ме взаг! –ы**. Дзырды уœз –хъомыс œмœ œфсарм, йœ нысаниуœг адœймаджы царды. **«Дзырдтœ»-йы**. Символон мидис **«Æз ацы нуазœн...»**-ы. ***Л и т е р а т у р œ й ы т е о р и. Инвективœ.*****Хаблиаты Сафар. «Фисыны хœдзар» (1 сах.)** Фœсхœсты азты царды нывтœ. Уацауы сюжет, йœ фœлгонцтœ. Хъысмœтаразœг цау уацмысы ранывœзты.**Хъодзаты Æхсар (1 сах.)** Œхсары поэзийы граждайнаг мотивтœ. Мадœлон œвзаджы ахадандзинад « **Ирон дзырд»-ы**. Поэты философон ахаст царды рœзщтмœ

**«Гимн Галœгонœн»**-ы. Цард œмœ тохы нысан – рухс тауын, адœмœн лœггад кœнын **« Цъайкъахœг»** -ы. аивады алœмœттаг хъомыс, адœймаджы зœрдœйы уагимœ гармонион иудзинад **« Кафаг чызг» -ы.**

**Джыккайты Шамил. Трагедии «Хъодыгонд зœд» (4 сах).**Шамилы сфœлдыстадыл цыбыр афœлгœст. Трагедийы мидис œмœ архайды афон. Патриотизм œмœ национ иудзинады идейœтœ. Фœрнджын фидœны домœн – тых œмœ зонды цœдис. Уацмысы проблематикœ. Социалон конраст уацмысы. Трагедийы œвзаг. Борœханы идеалон фœлгонц. ***Л и т е р а т у р œ й ы т е о р и. Æмдзœвгœйœ фыст драмœ. Историон трагеди.***

**Агънаты Гœстœн. «Фœстаг бœх» (3 сах)** Уацауы этикон проблематика. Æрдз œмœ адœймаджы 'хсœн удхœстœгдзинады хъуыды. Ныхмœвœрд фœлгонцтœ. Персонажты удыхъœд œмœ психологон мидуавр. ***Л и т е р а т у р œ й ы т е о р и. Авторы ныхас. Авторы позиции œвдисœны фœрœзтœ.***

**Хуыгаты Сергей. «Сылгоймœгтœ» (1 сах.)** Радзырды мидис œмœ проблематикœ, йœ фœлгонцтœ. Хионыл ауыдыны фарн œмœ бузныгады темœ. Психологон œрхаххы нысаниуœг. ***Л и т е р а т у р œ й ы т е о р и. Радзырды жанр. Аивадон деталы нысаниуœг.***

**Æлборты Хадзы – Умар. ( 1сах.)**Æлборты Хадзы – Умар сфœлдыстады хигъœдон œуусœлтœ, жанрон œмœ стилы агурœнтœ. 20 œнусы кœрон тугкалœн хœстытœ – «тœригъœдты апофеоз» **« Чъребайы œнкъард хœдзœрттœ», «Балладœ Зары фœндагыл» -ы.**

**Гуыцмœзты Алеш. ( 2 сах.) «Урс фынтœ» « Пахуымпар».** Хъœууон царды хœрзвœтк œмœ œгъдауы равдыст «Урс фынты». Хœст œмœ сфœлдыстады хсœн œрдзон ныхмœлœуд «Пахуымпар» -ы.

**Ходы Камал. ( 1 сах).** Ходы Камалы сфœлдыстадыл афœлгœст. Фыдыбœстœйœн фыртœн бœззын, йœ цин œмœ хъыгтœй цœрын **«Ирыстонмœ»-йы**. Ирыстоны фарн œмœ сомбоныл катай **«Гаджидау»-ы**. Æрдзы рœсугъддзинады œнкъарœн **« Быдираг хъœуы ритмтœ»-йы.** Адœймаг œмœ œрдзы ныхмœвœрд – бастдзинад **«Денджызœй куы не рбаздœхы нау...»-ы.**

**Уацмыстæ наизусть ахуыр кæнынæн.**

1. Цъœрукъаты Алысандр. *«Ныхас авдœны сывœллонимœ» скъуыддзаг), «Рох симфони»*
2. Дзаболаты Хазби *«Æз хœхты райгуырдтœн»*
3. Бестауты Гиуарги *«Æз дыуу œ цœсты зонын зœххыл..»*
4. Хостыхъоты Зинœ *«Зœххы катай»*
5. Дзуццаты Хадзы –Мурат *« Ме 'взаг!»*
6. Хъодзаты Æхсар *« Ирон дзырд»*
7. Малиты Васо *«Мœ Ирыстоны!»*
8. Джыккайты Шамил *«Хъодыгонд зœд»* скъуыддзаг
9. Ходы Камал *«Гаджидау»*

**Сæйраг домæнтæ 11 – æм къласы ахуыргæнинæгты зонындзинæдтæ æмæ арæхстдзинæдтæм.**

**Ахуыргæнинæгтæ хъуамæ зоной:**

- фысджыты цард æмæ сфæдыстад;
- цы уацмыстæ ахуыр кодтой, уыдоны сюжеттæ, композицийы хицæндзинæдтæ, фæлгонцтæ;
- этикон характеры тыххæй æмбарынад;
- æмбарынæдтæ:æмдзæвгæ, поэмæ, радзырд, драмæ, трагедии, роман, фыссæджы индивидуалон стилы сæйраг миниуджытæ;

- наизусть ахуыр кæнынмæ цы уацмыстæ амынд цæуы, уыдон.

**Ахуыргæнинæгтæ хъуамæ арæхсой:**

- фыссæджы арæзт аивадон нывтæ иртасын æмæ æвдисын;
- уацмыс анализ кæнын, йæ хæйттæ хынцгæйæ;
- эпос, лирикæ, драмæ кæрæдзийы иртасын;
- уацмысы хъайтарæн характеристикæ дæттын, цалдæр уацмысы хъайтарты кæрæдзийыл абарын;
- авторы ахаст уацмысы архайджытæм æмæ цаутæм иртасын;
- уацмыс аив кæсын;
- хи сæрмагонд дзургæ æмæ фысгæ ныхасмæ пълан саразын;
- литературон – критикон æмæ публицистикон уацтæн, стæй ахуыргæнæджы лекцийæн хи куысты пълан, тезистæ, конспект аразын;
- литературон темæйыл доклад кæнæ реферат бацæттæ кæнын;
- нырыккон литературон фæзындтæн аргъ кæнын.

**Ахуыры рæстæджы пайдагонд цæудзысты** репродуктивон и продуктивон ахуыры методтæ:

- информацион технологи;
- цæстуынгæ æрмæг,
- ИКТ,
- уацмыстæм иллюстраци,
- амонæн литература.

**Æрмæг куыд æмбæрстгонд æрцыд, уый сбæрæг гæнæны хуызтæ:**

тест саразын; фысгæ, дзургæ дзуæппытæ; нывæцæн, изложении.

**Контролы формæтæ**

1. индивидуалон
2. къордæй
3. фронталон

**Контролы хуызтæ**

1. развæлгъау
2. æрвылбон
3. тематикон
4. хатдзæг

**Урочыты хуызтæ:**

1. урок-ног æрмæг амынд
2. урок-практикон куыст
3. урок-хъазт
4. компьютерон урок
5. урок -къордты куысты формæ
6. ныхасы рæзты куыст
7. интеграцигон урок

**Технологитæ:**

1. традицион технологи;
2. архайды технологитæ;
3. иннæ предметты бастдзинадимæ

**Ахуырадон-методикон æрмæджыты номхыгъд**


1. Бзаров Р.С. История в осетинском предании: Сюжет о Чермене, - Владикавказ, 1993.
2. Джусойты Н. Ирон аив дзырды сœрвœлтау. Цхинвал, 1966 аз.
3. Джыккайты Ш. Ныхасы фарн.- Дзауджыхъœу, 1996 аз.
4. Джыккайты Ш. Критикон уацты æмбырдгонд. 2 хайы. – Дзæнджыхъæу,
5. Джыккайты Ш. Ирон литературæйы истории. Дзæуджыхъæу, 2002.
6. Салагаева З.М. Четыре этюда об осетинской прозе. – Орджоникидзе, 1970.
7. Поэзийы фарн : Критикон уацтœ. – Орджоникидзе, 1980 аз.


## Къæлендарон – тематикон пълан ирон литературæ 11 къласс

| № | *Сæргонд* | *Са-ха* | *Ным* | *Урочы хуыз* | *Урочы темæ* | *УАА* | *Фæстиуджытæ* | *Хæдзармæ куыст* |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| 1. | **Разныхас. Ирон лит-рæ 50-æм азты кæрон – 60-æм азты** | 1 | | **Урок-лекци** | Ирон лит-рæ 50-æм азты кæрон – 60-æм азты. Ирон культ. æмæ лит-йы рæзт ног æхсæнадон уавæры. | | | Конспект зонын. |
| 2. | **Гаглойты Федыр. (Гафез) 3с.** | 1 | | **Ног æрмæг амонын ы урок** | Гафезы цард æмæ сфæлдыстадыл афæлгæст.Роман «Уæ бонтæ хорз, адæм!»-ы мидис æмæ проблематикæ. | Эпикон – таурæгъон литерæ турæйы хуызтæ. Хъайтар – дзырдн ывæнд æг. | ***Арæхсын:*** -текст скъуыддзæгтыл (хицæн эпизодтыл) дих кæнын.; -тексты сæйраг хъуыды иртасын; -уацмысы архайды цыд логикон æгъдауæй раст дзурын; -дыууæ фæлгонцы кæрæдзийыл абарын, авторы ахастдзинад йæ героймæ сбæрæг кæнын, хъайтары архайд æмæ миниуджытæн раст аргъ кæнын. | Цыбыр конспект фыссджы цардыл. Роман бакæсын. |
| 3. | | 1 | | Урок-къордты куыст | Æрыгон адæймаджы фæлгæнц, йæ хъуыды - дытæ æмæ трынæнтæ. | | | Ирæйы фæлгонц. |
| 4. | | 1 | | Урок-портрет | Уацмысты фœлонцты системœ | | | Романы œвзаг. |
| 5. | **Дзугаты Георги. 2с.** | 1 | | **Ног æрмæг амонын ы урок** | Дзугаты Георгийы цард æмæ сфæлдыстад. Кадæг «Бындзыг»- лирикон ахаст. | Лиро – эпикон поэмæ. | ***Арæхсын:***-лиро – эпикон уацмыс æвзарын, -уацмысы архайды цыд логикон æгъдауæй раст | Лирикон монолог – йæ композицион нывæсты быньдур. |

| | | | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| 6. | | 1 | | Урок-идейæтæ хъахъхъæнын | Сабырдзинады сæрыл дунеон тохы идейæтæ уацмысы. | | дзурын, авторы ахастдзинад йæ героймæ сбæрæг кæнын, хъайтары архайд æмæ миниуджытæн раст аргъ кæнын. | Хæсты трагеди. |
| 7. | **Цæгæраты Максим. 2с.** | 1 | | **Ног æрмæг амонын ы урок** | Цæгæраты Максимы сфæлдыстадон сурæт. «Мады зарæг»-ы сюжет æмæ композици. | Сюжет, композиции, сурæт-кæрæдзимæ сæ бастдзинад | *Арæхсы:*-бæлвырд кæнын уацмысы сæйраг проблематикæ, -аивадон мадзæлтты ахъаз сюжет æмæ композиции равдисынæн, -бæрæг кæны сæйраг архайæджы характерон хицæндзинæдтæ, бынат фæлгонцты системæйы, авторы бæрæггæнæн. | Сюжет æмæ композицион хицæндзинæдтæ уацмысы |
| 8. | | 1 | | Урок-тексты анализ | Аивады хъомыс, музыкæйæ райгуыргæ ассоциативон дуне. Хъайтары зæрдæйы тæлмæнтæ уацауы. | | | |
| 9. | **Цæрукъаты Алыксандр 2с.** | 1 | | Урок-лекци | Алыксандры поэзийы æууæлтæ, йæ традицитæ. «Ныхас авдæны сывæллоним-мæ». Фæлтæрты бастдзинæды темæ. Поэты сагъæстæ адæймаджы царды нысан æмæ фидæныл. Саби æмæ æрдзы хсæн иудзинад. | | | Фыды фæдзæхстытæ фыртæн. |
| 10. | | 1 | | Урок-дискусси | Поэты æмвазыгджын удысконд, йæ этикон идеалтæ «Мæ кувæндоны къæсæрыл», «Рох симфони», «Гимн хъилхъæдурæн.» | | | Наизусть хи равзæрст сонеттæ. |
| 11. | **Джусойты Нафи. 6с.** | 1 | | .Урок-лекци | Джусойты Нафийы литературон æмæ зонадон куыст. Историон темæ Нафийы сфæлдыстады | Историон роман | *Арæхсы:*-бæлвырд кæнын уацмысы сæйраг проблематикæ, -аивадон мадзæлтты ахъаз сюжет æмæ композиции равдисынæн, -бæрæг кæны сæйраг архайæджы характерон хицæндзинæдтæ, | Роман бакæсын. |
| 12. | | 1 | | Урок-балц ивгъуыдмæ | Роман «Фыдæлты туг»-ы мидис æмæ поблематикæ, йæ историон бындур | | | Ивгъуыд æмæ абоны бастдзинад романы мидтемæ. |
| 13. | | 1 | | Урок-тексты | Романы композицион нывæзт. Зарæджы | | | Сабыр царды |

| | | | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| | | | | анализ | фæлгонц романы. | | бынат фæлгонцты системæйы, авторы бæрæггæнæн. | нывтæ романы. |
| 14. | | 1 | | . | Ака æмæ Бекайы фæлгонцтæ | | | Адæм – романы сæйраг хъайтар. |
| 15. | | 1 | | . | Уарзт æмæ хæст: лирикон æмæ эпикон райдайæнты æмиудзинад | | | Æгъдау æмæ фæллойы нысаниуæг. |
| 16. | | 1 | | Урок-къордты куыст | Национ иудзинады темæ романы. | | | Фæсивæды минæвæрттæ. |
| 17. | **Н/Р/К/** Нывæцæн ныфыссын мæ цæттæгæнæн | 1 | | | *«Зарæджы фæлгонц» «Иудзинады темæ романы».* | | **Арæхсын:** æмбаргæ æмæ хибарæй аразын фысгæ ныхас рацыд æрмæгæй; Хи хъуыдытæ бæлвырд кæнынæн критеритæй пайда кæнын, -проблемæ æмбарын арæхсын; гипотезæ рахицæн кæнын,. | |
| 18. | **Н/Р/К/** Нывæцæн ныфыссын | 1 | | | | | | |
| 19. | **Дзаболаты Хазби. 1с.** | 1 | | Урок-лекци | Хазбийы поэзийы сæйраг мотивтæ., «Амонд», «Æз хæхты райгуырдтæн», «Куы хæссай зæрдæйы æмбуар»-йы. | Строфа, ритм, рифмæ. | ***Арæхсын:***лирикон æмдзæвгæйы арын сæйраг фæлгонцтæ (предметтæ), | Наизусть хи равзæрст. |
| 20. | **Гаглойты Владимир. 5с.** | 1 | | Урок-тексты анализ | Гаглойты Владимиры сфæлдыстадон сурæт. Драмæ «Ныййарæджы кадæг»-ы композиции, йæ аивадон мадзæлттæ. | Драмæйы хуызтæ | ***Арæхсын:***-драмон уацмысæн анализ кæнын, -уацмысы архайды цыд логикон æгъдауæй раст дзурын, авторы ахастдзинад йæ героймæ бæрæг кæнын, хъайтары архайд æмæ миниуджытæн раст аргъ кæнын | Драмæ бакæсын. |
| 21. | | 1 | | Урок-къордты куыст | Фыртты фæлгонцтæ. | | | Уацмысы философон бындур. |
| 22. | | 1 | | Урок-къордты куыст | Мады монументалон фæлгонц драмæйы. | | | Уацмысы œвзаг |
| 23. | | 1 | | | Уацмысы идейœ райхалыны фœрœзтœ. | | | Куырыхон сылгоймаджы митœ. |
| 24. | | 1 | | . | Мады монументалон фœлгонц | | | Амонмœ фœндœгтœ. |
| 25. | **Н/Р/К/** Нывæцæн ныфыссын | 1 | | | *«Уидœгты фарн œмœ фидœны ныфс – адœмы уœвынад».* | | **Арæхсын:** æмбаргæ æмæ хибарæй аразын | Хæдзармæ ныффыссын |

| | | | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| | мæ цæттæгæнæн | | | | | | фысгæ ныхас рацыд æрмæгæй;<br>Хи хъуыдытæ бæлвырд кæнынæн критеритæй пайда кæнын,<br>-проблемæ æмбарын арæхсын; гипотезæ рахицæн кæнын,. | |
| 26. | **Ирон лит-рæ 70-æм æмæ 80-æм азты фыццаг æмбисы.** | 1 | | Урок-лекци | Литерæтурæйы сæрмагонд нысаниуæг социалон- политикон «мидцоппайы (заст-ой) заман.»Историон прозæйы рæзт 60-80-æм азты. Ирон драмæйы рæзт70-80-æм азты. Ирон поэзи 70-80-æмазты райдайæны. | | | Цыбыр конспект скæнын. |
| 27. | **Дзесты Куыдзæг 4с.** | 1 | | | Дзесты Куыдзæджы курдиаты сæрмагонд æууæлтæ. Уацау «Фæндагсар Уастырджи» -йы сюжет æмæ композици. | Литературон архетипы æмбарынад. | *Арæхсы:*бæлвырд кæнын уацмысы сæйраг проблематикæ, аивадон мадзæлтты ахъаз сюжет æмæ композиции равдисынæн, Бæрæг кæны сæйраг архайæджы характерон хицæндзинæдтæ, бынат фæлгонцты системæйы, авторы бæрæггæнæн | Фыссæджы биографи. |
| 28. | | 1 | | Урок-тексты анализ | Уацауы фæткон-философон мидис. Сæйраг архайджыты фæлгонцтæ. | | | Адæймаджы уæвынады æнусон фæрстытæ. |
| 29. | | 1 | | Урок-тексты анализ | Адæймаджы уæвынады æнусон фарстатæ. | | | Дзаххо œмœ Дзиттайы фœлгонцтœ. |
| 30. | | 1 | | | Фœндаджы темœйы философон мидис. | | | Дуджы æууæлтæ адæмы царды. |
| 31. | **Н/Р/К/** Нывæцæн ныфыссын мæ цæттæгæнæн | 1 | | | *«Фæрнджын адæймаг амондджын вæййы».* | | **Арæхсын:** æмбаргæ æмæ хибарæй аразын фысгæ ныхас рацыд æрмæгæй;<br>Хи хъуыдытæ бæлвырд кæнынæн критеритæй пайда кæнын,<br>-проблемæ æмбарын арæхсын; гипотезæ рахицæн кæнын,. | Фыссæджы этикон фæдзæхстытæ. |

| | | | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| 32. | **Бестауты Гиуæрги.1 с.** | 1 | | Урок-лекци | Райгуырæн бæстæйы темæ Геуæргийы поэзийы. | Аллитераци. | ***Арæхсын:*** лирикон æмдзæвгæйы арын сæйраг фæлгонцтæ (предметтæ), фылдæр ныхмæвæрд æвæрдæй.<br>-хицæн кæнын фæлгонцтимæ баст лексикон рæнхъытæ. | Наизусть хи равзæрст. |
| 33. | **Æгъуызарты Æхсарбег 4с.** | 1 | | | Æгъуызаты Æхсарбеджы цардыл афæлгæст. «Куырды фырт»- темœ œмœ проблематикœ. | | ***Арæхсы:*** бæлвырд кæнын уацмысы сæйраг проблематикæ, аивадон мадзæлтты ахъаз сюжет æмæ композиции равдисынæн, Бæрæг кæны сæйраг архайæджы характерон хицæндзинæдтæ, бынат фæлгонцты системæйы, авторы бæрæггæнæн адæймаджы уавæр æмæ фæлгонцаразæн мадзæлттæ сбæрæг кæнынæн. | Романæй сæргондтæ бакæсын. |
| 34. | | 1 | | Урок-тексты анализ | Романы жанрон миниуджытœ œмœ стилы хицœндзинœдтœ. | | | Дуджы æууæлтæ адæмы царды. |
| 35. | | 1 | | Урок-тексты анализ | Мурат œмœ Бексолтаны фœлгонцтœ. | | | Амонды темœ романы. |
| 36. | | 1 | | | Рœстœжы фœлгонц уацмысы. | | | Ирон œгъдœуттœ романы. |
| 37. | **Хостыхъоты Зинæ. 1с.** | 1 | | Урок-лекци | Хостыхъоты Зинæйы лирикæйыл афæлгæст. | | ***Арæхсын:*** лирикон æмдзæвгæйы арын сæйраг фæлгонцтæ (предметтæ), фылдæр ныхмæвæрд æвæрдæй.<br>-хицæн кæнын фæлгонцтимæ баст лексикон рæнхъытæ.<br>-бæлвырд кæнын скъоладзауты | «Мæ зæрдæ» «Райгуырæн къуым – æппæтæй зынаргъдæр» - наизусть. |
| 38. | **Дзуццаты Хадзы-Мурат. 1с.** | 1 | | Урок-лекци | Дзуццаты Хадзы-Мурат поэзийы сæйраг мотивтæ. | | | Аив каст. |

| | | | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| | | 1 | | | | | ассоциацитæ сæйраг дзырдтæ æмæ лексикон рæнхъытæм гæсгæ. -арын авторы цæстæнгас, позици (йæ хъуыдытæ, æнкъарæнтæ, ассоциацитæ). | |
| 39. | **Булкъаты Михал. 4с.** | 1 | | | Булкъаты Михалы сфæлдыстадыл афæлгæст. | Аивадон æрхъуыды æмæ историон æцæгдзинад. | ***Арæхсы:*** бæлвырд кæнын уацмысы сæйраг проблематикæ, аивадон мадзæлтты ахъаз сюжет æмæ композиции равдисынæн, Бæрæг кæны сæйраг архайæджы характерон хицæндзинæдтæ, бынат фæлгонцты системæйы, авторы бæрæггæнæн адæймаджы уавæр æмæ фæлгонцаразæн мадзæлттæ сбæрæг кæнынæн. | Роман бакæсын. |
| 40. | | 1 | | Урок-тексты анализ | Амонды проблемæ. Фæлтæрты бастдзинады темæ. | | | Романы документалон œрмœг. Куындыхаты Муссœйы фœлгонц. |
| 41. | | 1 | | Урок-тексты анализ | Булкъаты Михалы сфæлдыстад. Роман «Теркæй-Туркмæ» - йы конфликт æмæ ныхмæвæрд фæлгонцтæ. | | | Мамсыраты Темырболаты фœлгонц. |
| 42. | | 1 | | Урок-дискусси | Кард æмæ фæндыры традицион темæ æмæ йæ ног нысаниуæг. | | | Адœмы фœлгонц уацмысы. |
| 43. | **Малиты Васо. 1 с.** | | | | Малиты Васойы сфœлдыстадон фœндаг. Поэзийы «хуымгœнд» - фœллойгœнœг адœмы цард œмœ тырнœнтœ **«Сахуыр мœ кœн, о хуымгœнœг...»- джы**. | | | Васойы интимон лирикœйы романтикон ахорœнтœ œмœ поэтикон интонации. |
| 44. | **Бицъоты Грис.4 с** | 1 | | | Бицъоты Грисы сфæлдыстадыл афæлгæст. Роман «Арвы айдæн»-ы сюжет. | Романы тыххæй фæарф дæр кæнын | ***Арæхсы:*** бæлвырд кæнын уацмысы сæйраг проблематикæ, аивадон мадзæлтты ахъаз сюжет æмæ композиции равдисынæн, Бæрæг кæны сæйраг архайæджы характерон хицæндзинæдтæ, бынат фæлгонцты | Роман бакœсын. |
| 45. | | 1 | | Урок-тексты анализ | Хæст æмæ гадзрахаты темæ романы. | | | Хицœн адœймœгты хъысмœттœ. |
| 46. | | 1 | | Урок-тексты анализ | Романы трагедион финал, йœ аивадон œуулœлтœ. | | | Æцœг уарзондзинад œмœ уœздандзинад. |

| | | | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| | | | | | | | системæйы, авторы бæрæггæнæн адæймаджы уавæр æмæ фæлгонцаразæн мадзæлттæ сбæрæг кæнынæн. | |
| 47. | **Н/Р/К** Нывæцæн ныфыссын мæ цæттæгæнæн | 1 | | | *«Сылгоймаджы бынат царды».* | | **Арæхсын:** æмбаргæ æмæ хибарæй аразын фысгæ ныхас рацыд æрмæгæй; Хи хъуыдытæ бæлвырд кæнынæн критеритæй пайда кæнын, | Хæдзармæ ныффыссын |
| 48. | **Дзасохты Музафер. 2с.** | 1 | | | Музаферы граждайнаг позиции.«Урсдоны былыл Бæрæгъуын» -ы темœ œмœ проблематикœ. | | ***Арæхсы:*** бæлвырд кæнын уацмысы сæйраг проблематикæ, аивадон мадзæлтты ахъаз сюжет æмæ композиции равдисынæн, Бæрæг кæны сæйраг архайæджы характерон хицæндзинæдтæ, бынат фæлгонцты системæйы, авторы бæрæггæнæн адæймаджы уавæр æмæ фæлгонцаразæн мадзæлттæ сбæрæг кæнынæн. | Уацау бакœсын. |
| 49. | | 1 | | Урок-тексты анализ | Ирон æгъдау æмæ фæтк-æрыгон хъайтарты хъомылгæнджытæ. | | | Хъœубœсты фарн. |
| 50. | **Разныхас. Ирон литерæтурæ фæстаг азты.** | 1 | | Урок-тексты анализ | «Рацарæзты» дуг æхсæнадон-политикон ситуаци. Национ фарстайы фыдуавæр. | Социалистон реализмы метод. | | Цыбыр конспект скæнын. |
| 51. | **Джыккайты Шамил. 4с.** | 1 | | | Шамил – поэт, драматург. Йе' сфæлдыстадыл цыбыр афæлгæст. Трагеди «Хъодыгонд зæд»-мидис æмæ архайды афон. | Æмдзæвгæйæ фыст драмæ. Историон трагеди | ***Арæхсын:***драмон уацмысæн анализ кæнын, -уацмысы архайды цыд логикон æгъдауæй раст дзурын, авторы ахастдзинад йæ героймæ сбæрæг кæнын, хъайтары архайд æмæ | Уацмысы проблематикæ. |
| 52. | | 1 | | Урок-тексты анализ | Патриотизм æмæ национ иудзинады идейæтæ трагедийы. | | | Проблемон фарстатæн дзуапп ссарын. |

| | | | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| 53. | | 1 | | Урок-къордты куыст | Фæрнджын фидæны домæн-- тых æмæ зонды цæдис. Борæханы идеалон фæлгонц. | | миниуджытæн раст аргъ кæнын. | Социалон контраст уацмысы. |
| 54. | | 1 | | Урок-къордты куыст | Джыккайты Шамилы æмæ йæ хъайтар Борæханы иудзинæдтæ сæ тох æмæ сæ царды. | | | Борœханы идеалон фœлгонц. |
| 55. | **Н/Р/К/** Нывæцæн ныфыссынмæ цæттæгæнæн | 1 | | | *«Уацмысы актуалондзинад ныры дуджы»* кæнæ *«Борæханы фæлгонц»* | | | Хæдзармæ ныффыссын |
| 56. | **Хаблиаты Сафар. 1 с** | 1 | | Урок-тексты анализ | Фœсхœсты азты царды нывтœ **«Фисыны хœдзар»**. Уацауы сюжет, йœ фœлгонцтœ. | | ***Арæхсы:*** бæлвырд кæнын уацмысы сæйраг проблематикæ, аивадон мадзæлтты ахъаз сюжет æмæ композиции равдисынæн, Бæрæг кæны сæйраг архайæджы характерон хицæндзинæдтæ, бынат фæлгонцты системæйы, авторы бæрæггæнæн адæймаджы уавæр æмæ фæлгонцаразæн мадзæлттæ сбæрæг кæнынæн. | Хъысмœтара зœг цау уацмысы ранывœзты. |
| 57. | **Хъодзаты Æхсар 1 с.** | 1 | | | Æхсары поэзийы граждайнаг мотивтœ. Мадœлон œвзаджы ахадандзинад **«Ирон дзырд»-ы**. | Рифмæйы хуызтæ | | Поэты философон ахаст царды рœзщтмœ **«Гимн Галœгонœн»**-ы. Наизусть хи равзæрст. |
| | **Агънаты Гæстæн. 2с.** | 1 | | | Агънаты Гæстæны уацау «Фæстаг бæх»ы этикон проблематикæ. | Авторы ныхас. Авторы позиции œвдисœны фœрœзтœ. | | Ныхмœвœрд фœлгонцтœ уацмысы. |
| 58. | | 1 | | Урок-тексты анализ | Æрдз æмæ адæймаджы 'хсæн удхæстæгдзинады хъуыды. | | | Персонажты удыхъœд œмœ психологон мидуавр уацмысы. |
| 59. | **Хуыгаты Сергей. 1с.** | 1 | | Урок-тексты анализ | Радзырд **«Сылгоймæгтæ»**-йы мидис æмæ проблематикæ, йæ фæлгонцтæ | Радзырды жанр. Аивадон деталы нысаниуæг. | | |
| 60. | **Æлборты Хадзы – Умар. 1с.** | 1 | | | Æлборты Хадзы – Умар сфœлдыстады хигъœдон œуусœлтœ, жанрон œмœ стилы | Бæлладæйы жанры æмбар | | **«Балладœ Зары фœндагыл»**-ы трагикон |

| | | | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| | | | | | агурœнтœ. **«Чъребайы œнкъард хœдзœрттœ»** 20 œнусы кœрон тугкалœн хœстытœ – «тœригъœдты апофеоз». | ынад фæарф дæр кæнын. Традиции æмæ ногдзинад. Велибр. | | цау нывæндæн фæрæзтæ уацмысы. |
| 6 1. | **Гуыцмœзты Алеш. 2 с.** | 1 | | Урок-тексты анализ | Фыссæджы сфæлдыстадон агурæнтæ. Хъœууон царды хœрзвœтк œмœ œгъдауы равдыст **«Урс фынты»**. | Мидмонологон розæйы тыххæй цыбыр æмбарынад. Фыссæджы хигъæдон æрмдзæф (стиль) | | Юмæры хъæздыг фæрæзтæ уацмысы. |
| 6 2. | | 1 | | Урок-тексты анализ | Хœст œмœ сфœлдыстады ’хсœн œрдзон ныхмœлœуд **«Пахуымпар»** -ы. | | | Адæймаджы æрдзыхъæд уацмысы. |
| 6 3. | **Ходы Камал. 1с.** | 1 | | | Ходы Камалы сфœлдыстадыл афœлгœст Фыдыбœстœйœн фыртœн бœззын, йœ цин œмœ хъыгтœй цœрын **«Ирыстонмœ»-йы**. | | | Ирыстоны фарн œмœ сомбоныл катай**«Гаджидау»-ы**. Наизусть хи равзæрст. |
| 6 4. | **Фæлхат. Фœлварœн мœ цœттœгœн œн тематикон урочытœ. 5с.** | 1 | | | Ирон литературœйы рœзты фœндаг. Историон цаутœ ирон фысджытœм | | ***Арœхсы:*** бæлвырд кæнын уацмысы сæйраг проблематикæ, аивадон мадзæлтты ахъаз сюжет æмæ композиции равдисынæн, Бæрæг кæны сæйраг архайæджы характерон хицæндзинæдтæ, бынат фæлгонцты системæйы, авторы бæрæггæнæн адæймаджы уавæр æмæ фæлгонцаразæн мадзæлттæ сбæрæг кæнынæн. | Билетты æрмæг фæлхат. |
| 6 5. | | 1 | | . | Райгуырœн бœстœмœ уарзондзинады œнкъарœнтœ ирон литературон уацмысты | | | Билетты æрмæг фæлхат. |
| 6 6. | | 1 | | | Хистœры фарн ирон литерœтурœйы. | | | Билетты æрмæг фæлхат. |
| 6 7. | | 1 | | | Мады фœлгонц ирон поэзийы œмœ прозœйы. | | | Билетты æрмæг фæлхат. |
| 6 8. | | 1 | | | Ирон œгъдœуттœ ирон фысджыты уацмысты. | | | Билетты æрмæг фæлхат. |

| | | | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| | | | | | | | | |

*11 къласы литературæйæ тематикъон пълан æххæстгонды* ***график***.

***Афæдзмæ – 68 сахаты. Къуыри – 2 сахаты.***

| № | Сæйраг темæты сæргæндтæ | Сахæттæ | Уыдонæй: | | | Тестыл, практикон куыстыты нымæц |
|---|---|---|---|---|---|---|
| | | | Урочытæ | Нывæцæн | Бон | |
| **1** | Разныхас. Ирон литературæ 50-60—æм азты. | 26 | 23 | **1.** «Зарæджы фæлгонц» кæнæ «Иудзинады темæ романы». | | 4 |
| | | | | **2./3.** «Уидæгты фарн æмæ фидæны ныфс – адæмы уæвынад». | | |
| **2** | Разныхас. Ирон литературæ 70-80 -æм азты. | 24 | 22 | **1.** «Фæрнджын адæймаг амонджын вæййы». | | 4 |
| | | | | **2.** «Сылгоймаджы бынат царды». | | |
| **3** | Разныхас. Ирон литературæ фæстаг азты | 13 | 12 | 1. «Уацмысы актуалондзинад ныры дуджы» кæнæ «Борæханы фæлгонц» | | 3 |
| **4** | Фæлварæнмæ фæлхат кæнынæн | 5 | 5 | | | 5 |
| | ***Иумæйагæй:*** | 68 | 62 | 6 | | |

**Нормы оценки знаний, умений и навыков по литературе**
**Оценка устных ответов учащихся.**

При оценке устных ответов следует руководствоваться следующими основными критериями в пределах программы.

***Оценкой «5»*** оценивается ответ, обнаруживающий прочные знания и глубокое понимание текста изученного произведения; умение объяснить взаимосвязь событий, характер, поступки героев и роль художественных средств в раскрытии идейно-эстетического содержания произведения; умение

пользоваться теоретико-литературными знаниями и навыками разбора при анализе художественного произведения, привлекать текст для аргументации своих выводов, раскрывать связь произведения с эпохой (8-11кл.); свободное владение монологической литературной речью.

***Оценкой «4»*** оценивается ответ, который показывает прочное знание и достаточно глубокое понимание текста изучаемого произведения; умения объяснять взаимосвязь событий, характер, поступки героев и роль основных художественных средств в раскрытии идейно-эстетического содержания произведения; умение пользоваться основными теоретико-литературными знаниями и навыками при анализе прочитанных произведений; умение привлекать текст произведения для обоснования своих выводов; хорошее владение монологической речью. Однако допускаются две неточности в ответе.

***Оценкой «3»*** оценивается ответ, свидетельствующий в основном о знании и понимании текста изученного произведения; умение объяснить взаимосвязь основных событий, характеры и поступки героев и роль важнейших художественных средств в раскрытии идейно-художественного содержания произведения; знания основных вопросов теории, не недостаточным умением пользоваться этими знаниями при анализе произведений; ограниченных навыков разбора и недостаточном умении привлекать текст произведений для подтверждения своих выводов. Допускается несколько ошибок в содержании ответа, недостаточно свободное владение монологической речью, ряд недостатков в композиции и языке ответа, несоответствие уровня чтения нормам, установленным для данного класса.

***Оценкой «2»*** оценивается ответ, обнаруживающий незнание существенных вопросов содержания произведения, неумение объяснять поведение и характеры основных героев и роль важнейших художественных средств в раскрытии идейно-эстетического содержания произведения, незнание элементарных теоретико-литературных понятий; слабое владение монологической литературной речью и техникой чтения, бедность выразительных средств языка.

*Нывæцæны æмæ изложениты бæрæггæнæнты нормæтæ.*

Нывæцæн æмæ изложении сты скъоладзауты ныхасы хæрзхъæддзинад бæрæгкæнæны сæйрагдæр формтæ.

Нывæцæнтæ æмæ изложенитæ фыссын хъæуы программæйы ныхасы рæзтыл куысты домæнтæм гæсгæ.

**Изложениты хъуамæ уа:**

11 къласы – 400 -450 дзырды.

**Нывæцæнты:**

11 къласы – 4  -5 фарсы..

*Нывæцæны ас вæййы къаддæр кæнæ фылдæр ахæм уавæртæм гæсгæ:* нывæцæны стиль æмæ жанр, темæ; скъоладзауты цæттæдзинад.

Нывæцœнты œмœ изложениты фœрцы бœрœг кœнœм :1) скъоладзау темœ раргом кœнынмœ куыд арœхсы; 2) œвзаджы фœрœзтœй пайда кœнын куыд зоны; 3) растфыссынады хœрзхъœддзинад.

Алы нывœцœны œмœ изложенийœндœр œвœрœм 2 бœрггœнœны; фыццаг – куысты мидисœн; дыккаг – растфыссынады хœрзхъœддзинадœн.

Дыуућ бœрœггœнœны дœр œвœрœм œвзагœй. Æрмœст литературœйы куы бœрœг кœнœм зонындзинœдтœ, уœд фыццаг бœрœггœнœн œврœм литературœйœ.

Скъоладзауты растфыссынады хœрзхъœддзинад бœрœг кœнын хъœуы, цал орфографион, пунктуацион œмœ грамматикон рœдыды фœуагъта, уымœ гœсгœ.

| | *Бœрœггœнœнты сœйраг домœнтœ.* | |
|---|---|---|
| ***Бœрœггœнœн*** | ***Мидис œмœ ныхасыхъœд*** | ***Расфыссынады хœ*** |
| «5» | 1. Скъоладзау иттœг хорз раргом кодта темœ;<br>2. Мидис фыст у, куыд œмбœлы, ахœм фœткмœ гœсгœ.<br>3. Скъоладзауы дзырдуат у хъœздыг; дзырдтœй пайда кœны, кœм куыд œмбœлы, афтœ.<br>Гœнœн ис: 1-2 ныхасы рœдыды; 1 рœдыд мидисы | 1 орф., 1пункт., 1г |
| «4» | 1. Хорз раргом кодта темœ, фœлœ иу цалдœр ран темœйœ ахызт.<br>2. Мидисы фœткœвœрд иучысыл хœлд œрцыд.<br>3. Куысты стиль у аив.<br>Гœнœн ис: 2 рœдыды мидисы; 3-4 ныхасы рдыды. | 2 орф., 2 пункт.,<br>пунк. рœдыды œнс |
| «3» | 1. Темœ œххœст œргом ну.<br>2. Скъоладзауы ныхасыхъœд у мœгуыр, дзыртœй раст нœ пайда кœны.<br>3. Мидисы фœткœвœрд хœлд œрцыд.<br>Гœнœн ис: 4 рœдыды мидисы; 5 ныхасы рœдыды. | 4 орф., 4 пункт.,<br>пунк. рœдыды œнс |
| «2» | 1.Скъоладзау œппындœр темœ нœ раргом кодта.<br>2.Куыст пъланмœ гœсгœ фыст нœу.<br>3.Скъоладзауы ныхасыхъœд у ныллœг, фыст у цыбыр хъуыдыйœдтœй, се хсœн нœй бастдзинад.<br>4.Арœх дзырдтœй раст пайдагонд нœ цœуы.<br>Гœнœн ис: 6 рœдыды мидисы œмœ 7 ныхасы рдыды. | 7 орф., 7 пункт.,<br>пунк. рœдыды œмс |
| «1» | Куысты ис: 6 рœдыды мидис œмœ 7 ныхасы рœдыдœй фылдœр. | 7 орф., 7 пункт., 7 |